**दिन–रविवार** **दिनांक–01.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी भुवनेश्वर मे आयोजित अखिल भारतीय पुलिस महानिदेशक आ महानिरीक्षक लोकनिक सम्मेलनक अंतिम दिन देशक विभिन्न राज्य आ केन्द्र शासित प्रदेश सँ संबंधित महत्वपूर्ण सूरक्षा संबंधी मुद्दा पर चर्चा कयलनि। मुख्य रूप सँ साईबर अपराध, तटीय सुरक्षा आ माओवादी उग्रवाद सँ निबटवा पर विचार कयल गेल। सम्मेलन मे केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह, गृह सचिव गोविन्द मोहन आ राष्ट्रीय सुरक्षा सलाहकार अजित डोभाल सेहो उपस्थित छलाह।

---

आइ विश्व एडस दिवस मनाओल जा रहल अछि। आजुक दिन लोकसभ के एचआईवी केर विरूद्ध लड़ाई मे एकजुट हेबाक आ एचआईवी पीड़ित लोकसभक प्रति भावनात्मक समर्थन व्यक्त करबाक सेहो अवसर प्रदान करैत अछि। केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जे.पी नड्डा मध्य प्रदेशक इंदौर मे आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करैत कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के नेतृत्व मे सरकार जांच आ उपचारक नीति पर अमल कयलक अछि। एकर परिणाम स्वरूप आब देश मे एडस सँ होबऽवला मृत्यु मे उनासी प्रतिशत के कमी आयल अछि। श्री नड्डा कहलनि जे भारत एहि बीमारी के सभ सँ सस्ता आ कारगर दवाई बनेबा मे सफलता सेहो प्राप्त कयलक अछि। स्वास्थ्य मंत्री आशा व्यक्त करैत कहलनि जे भारत वर्ष दू हजार तीस धरि एहि बीमारी सँ मुक्त भऽ जायत। एहि अवसर पर प्रदेश भरि मे जागरूकता कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि।

---

बेगूसराय स्थित राष्ट्रीय फैशन औद्योगिक केन्द्र मे जीविका दीदी लोकनि के तीन दिवसीय प्रशिक्षण कार्यक्रमक बाद प्रमाण पत्र वितरित कयल गेल। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जीविका दीदी लोकनि के प्रमाण पत्र वितरित कयलाक बाद आयोजित सभा के संबोधित करैत कहलनि जे प्रशिक्षणक माध्यम सँ ग्रामीण महिला लोकनि के सशक्त बनेबा मे मददि भेटत।

———————————————————————————

जदयूक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा कहलनि अछि जे केन्द्र के मोदी सरकार बिहारक विकासक लेल प्रतिबद्ध अछि। श्री झा समस्तीपुर मे आयोजित कार्यकर्त्ता सम्मेलन के संबोधित करैत कहलनि जे बजट मे बिहार के आवंटित साठि हजार करोड़ टाकाक विशेष सहायता सँ प्रदेश मे विकास काज के गति देबा मे मददि भेटल अछि। ओ आशा व्यक्त करैत कहलनि जे अगिला साल प्रस्तुत होबऽवला बजट मे सेहो बिहार के प्रर्याप्त धन राशि भेटत।

———————————————————————————

केन्द्रीय कृषि राज्य मंत्री आ जदयूक वरिष्ठ नेता रामनाथ ठाकुर कहलनि अछि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक शासनकाल मे राज्यक सर्वांगीण विकास भेल अछि। श्री ठाकुर आइ नावादा मे पार्टीक दिस सँ आयोजित जिला सम्मेलन के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे मुख्यमंत्री राज्य मे शरबबंदी कानून लागू कऽ लोकसभ के राहत देलनि अछि। सम्मेलन के सूचना आ जनसंपर्क मंत्री महेश्वर हजारी आ अल्पसंख्यक कल्याण मंत्री जमा खान के संग कतेको आन लोकनि सेहो संबोधित कयलनि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार बिहार विमेंस एशियन चैंपियंस ट्रॉफी दू हजार चौबीसक विजेता टीम इंडिया के आइ सम्मानित कयलनि। टीमक मुख्य कोच हरेन्द्र सिंह, कप्तान सलीमा टेटे सहित टीमक सभ सदस्य लोकनि के सम्मानित कयल गेल। एकर अतिरिक्त मुख्यमंत्री आयोजन के सफल बनेबा मे योगदान करऽबला अधिकारी लोकनि के सेहो सम्मानित कयलनि। एहि अवसर पर पटना के बापू टावर मे समरोहक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————————

नशा मुक्ति के संदेश देबाक लेल आइ भारतीय स्टेट बैंक आ मद्य निषेध विभागक दिस सँ पटनाक गांधी मैदान सँ जे.पी गंगा पथ धरि फुल आ हाफ मैराथन सहित विभिन्न श्रेणी के दौड़ प्रतियोगिताक आयोजन कयल गेल। प्रतिष्ठित बैडमिंटन खेलाड़ी आ ओलंपियन सायना नेहवाल हरियर झंडी देखाकऽ प्रतियोगिताक शुभारंभ कयलनि। एहि अवसर पर सायना नेहवाल कहलनि जे एहि तरहक आयोजन सँ नशा के विरूद्ध लोकसभ मे जागरूकता बढ़ेबा मे मददि भेटत। ओ युवा लोकनि सँ स्वस्थ जीवनशैली अपनेबाक सेहो आह्वाहन कयलनि।

———————————————————————————

पछिला चौबीस घंटाक अंतर्गत राज्यक मौसम शुष्क बनल रहत। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार आइ रोहतासक डेहरी मे सभ सँ कम न्यूनतम तापमान दस डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। विभागक अनुसार पटना आ पूर्णियां जिला मे मध्यम सँ घनगर स्तर के कुहेस भोरक समय लागल रहल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला तीन दिनक दरमियान भोरक समय राज्यक बेसीतर भाग मे हल्का सँ मध्यम स्तर के कुहेस लागल रहत।

———————————————————————

बक्सर जिलाक राजपुर थाना क्षेत्रक सरेंजा गाम मे माटि मे दबि कऽ चारि बच्ची के मृत्यु भऽ गेल। ओतहि दोसर दिस मुंगेर जिलाक सुल्तानगंज– तारापुर मुख्य पथ के चाफा गामक लऽग एक वाहन आ बाइक के सोझे टक्कर मे बाइक सवार एक युवक के मृत्यु भऽ गेलनि।

मधुबनी जिलाक आइ बावनम स्थापना दिवस अछि। जिलाधिकारी अरविन्द कुमार वर्मा एहि अवसर पर आयोजित कार्यक्रमक उद्घाटन कयलनि।

अररिया जिला मे पुलिस तीन अपराधी के तीन पिस्तौल आ पांच कारतूस के संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त